

Tcheke kat la: lajan pou Oktòb ak Novanm pral rive nan fen mwa Desanm. Ou fenk kòmanse patisipe nan P-EBT? Tcheke si kat EBT an aktive oswa tcheke nan kourye ou nan mwa Janvyè.

## Pandemi EBT (P-EBT) pou Ane Lekòl 2020-2021 an

Lajan Adisyonèl pou Manje pou Elèv yo pandan COVID-19 la



Ou pral touche P-EBT si ou kalifye pou repa gratis oswa pou yon pri ki ba dapre Pworam Nasyonal Lennch Lekòl la EPI ou nan yon sityasyon ibrid oswa ki 100% adistans.



Lajan P-EBT disponib pou fwaye kay yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo epi yo konsidere yo pou tè chaj piblik la.

### Konbyen m ap touche?

Elèv nan Anseyman Ibrid yo  
\$58.60 chak mwa

Elèv ki nan Anseyman ki 100% Adistans yo  
\$117.20 chak mwa



### Kijan ak kilè mwen pral resevwa lajan an?

Mwen te konn resevwa P-EBT anvan sou kat P-EBT mwen an

Tcheke kat P-EBT ou an si lajan yo rive nan 25yèm jou nan chak mwa. Si ou pa gen kat la, mande yon nouvo akt nan [DTAconnect.com/PEBT](https://DTAconnect.com/PEBT).

Mwen te konn resevwa P-EBT anvan sou kat DTA EBT mwen an

Tcheke kat EBT ou an pou wè si lajan an rive nan 25yèm jou nan chak mwa. Si ou pa gen yon kat EBT, rele DTA nan 1-877-382-2363.

Mwen fenk kòmanse patisipe nan P-EBT

- Ou resevwa SNAP ak/oswa TAFDC? Tcheke kat DTA EBT ou an
- Si ou pa resevwa SNAP ak/oswa TAFDC, chèche si ou resevwa yon kat P-EBT nan kourye lapòs. Veye si pa gen yon korespondans ki soti nan DTA ki apa nan kourye lapòs la – kenbe li pou mete PIN sou kat la!

### Kisa mwen kapab achte?

Achte bagay tankou fwi, pwodui ki abaz lèt, vyann/volay/pwason. Itilize P-EBT nan magazen yo ki aksepte SNAP, tankou episri oswa boutik nan katye a, epi anliy nan ALDI, Amazon oswa Walmart.



### Ou bezwen plis èd nan manje?

So ou resevwa P-EBT, gen anpil chans ou kalifye pou resevwa SNAP, lajan chak mwa pou achte manje. Aplike nan [DTAconnect.com](https://DTAconnect.com). Epitou ou kapab jwenn repa lekòl ou pral chèche, pote ale. Jwenn yon adrès nan [meals4kids.org](https://meals4kids.org).



Mande Èd P-EBT • [MAp-EBT.org](https://MAp-EBT.org) • Nimewo Asistans DTA an: 877-382-2363 - Peze "6"



PROJECT  
BREAD



Department of  
Transitional  
Assistance



MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF  
ELEMENTARY AND SECONDARY  
EDUCATION